



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 20 me 2013

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOGRAM NAN TOUT ETA A POU REKONPANSE PWOFESÈ PI PÈFÒMAN
AK POU EDE AMELYORE PÈFÒMANS ELÈV**

***Pwogram Pwofesè Ekspè NYS pou Pwofesè Pral Ankouraje Meyè ak pi Entelijan yo pou Ka Rete nan
Edikasyon epi Ankadre lòt Pwofesè***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a Pwogram Pwofesè Ekspè NYS la, yon inisyativ nan tout eta a ki te pwopoze nan Diskou 2013 sou Sitiyasyon Eta a, ki pral rekonpanse pwofesè eta a ki pi pèfòman yo, garanti meyè yo ak pi entelijan yo ap rete nan edikasyon, epi ankouraje meyè pwofesè eta a pataje ekspètiz yo ak kòlèg.

Nan kad pwogram NYS Master Teacher a, pwofesè syans ak matematik segondè (STEM) ki pran angajman pou ankadre lòt pwofesè pral resevwa chak ane \$15.000 pandan katran. Yon premye gwoup 250 pwofesè pral chwazi nan Mid-Hudson, North Country, Central New York ak Western New York pandan otòn 2013; pwogram lan pral lanse nan rès 6 rejyon yo nan Prentan 2014.

“Nou vle meyè pwofesè posib nan chak salklas New York pou fòme timoun nou yo,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Nan kad ravay eta a pou l transfòme sistèm edikasyon nou an epi mete elèv anvan tout bagay, nou angaje nou pou n investi nan pwofesè ekstraòdinè nou yo pou edike elèv epi kreye yon fòs travay byen fòme pou dirije ekonomi fiti nou. Pwogram sa pral rekonpanse pwofesè sa yo ki travay pou chanje bagay yo epi ki gen elèv ki pèfòme pi byen kòm rezilta.”

Rektè SUNY an, Nancy Zimpher, te di konsa, “Ankouraje meyè pwofesè nou yo nan domèn STEM lan pou yo rete epi anseye nan New York epi pou yo prete ekspètiz yo bay lòt pral konstwi yon baz solid pou siksè elèv yo epi asire sistèm edikasyon nou an rete konpetitif mondyalman. Pwogram Pwofesè Ekspè Eta New York la se yon lòt egzanp Gouvènè a kap pran mezi konkrè pou amelyore lekòl New York epi benefisye elèv pandan ane kap vini yo.”

Prezidan Math for America, John Ewing, te di konsa, “Pwogram sa konsantre sou fòs nou – pwofesè fòmida yo ki deja nan salklas la. Gwoupe yo ansanm nan yon kominote pwofesyonèl se yon gwo gwo avantaj. Yo se lidè, men yo se modèl tou pou fiti pwofesè. Nou bezwen rann metye ansèyman atiran si nou espere rekrite ak kenbe meyè pwofesè yo.”

Haitian Creole

Pwogram Pwofesè Ekspè NYS la te fòme nan yon patenarya ant State University of New York la ak Pwogram Math for America Jim Simons lan. Rekritman ak konsèvasyon bon jan kalte edikatè nan matematik ak syans se youn nan rekòmandasyon *New NY Education Reform Commission* te fè yo nan Plan Daksyon Preliminè li a ki te prezante bay Gouvènè a nan mwa janvye. Kanpis SUNY yo kap resevwa premye gwoup pwofesè ekspè yo se SUNY lattsburgh, Buffalo State, SUNY New Paltz al SUNY Cortland.

Se SUNY ki pral jere Pwogram Pwofesè Ekspè NYS la ak asistans teknik kap bay pandan tout premye faz egzekisyon Math for America ap fè a, yon pwogram ki reyisi kap mache aktyèlman nan Vil New York ak lòt gwo vil. Pwogram Pwofesè Ekspè a pral baze epi akeyi nan enstitisyon ansèyman siperyè nan chak nan 10 rejyon devlopman ekonomik yo.

Pwofesè ekspè ki seleksyone yo pral enplike tèt yo nan ankadre kòlèg yo, patisipe ak kreye opòtinite devlopman ki baze sou konteni entansif pantan tout ane lekòl la. Pwofesè ekspè pral travay tou sere sere ak pwofesè ki poko travay ouben ki nan kòmansman karyè yo pou devlope fiti edikatè nivo mondyal.

Pwofesè kalifye dwe klase kòm “efikas anpil,” genyen yon minimòm 4 lane eksperyans kòm pwofesè, gen yon diplòm pwofesè NYS epi genyen responsablite ansèyman primè yo nan domèn matematik ak syans nan klas 6zyèm rive 12zyèm ane.

Aplikasyon pral disponib nan dat premye jiyè epi dwe tounen disi premye.dawout. Premye seri Pwofesè Ekspè yo ap anonse nan dat premye septanm.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418